



Pou Piblikasyon Imedya: 08/02/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GRAN OUVÈTI RIVERS CASINO & RESORT KI NAN SCHENECTADY

Li Ap Kreye 1,025 Pòs Travay Pèmanan ak 50 Pòs Travay Adisyonèl nan Espa ak Otèl nan Rejyon Kapital

Pati Majè nan Redevlopman 24 Ekta (60-Acre) Zòn Tèren Vakan Pò Mohawk

Casino & Resort Prevwa Atire 2.8 Milyon Vizitè Chak Ane

Kat Kazino nan Rejyon Nò a yo Pral Jenere \$325 Milyon nan Revni Jwèt pou Eta a; \$65 Milyon nan Lokalite yo ak \$260 Milyon pou Edikasyon Piblik

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a gran ouvèti Rivers Casino & Resort ki nan Schenectady. Otèl \$330 milyon an gen ladan yon etaj pou jwèt ki mezire 51,000 pye kare, yon otèl liksye ak plizyè opsyon dine ak lavant an detay yo kòm yon pati nan pwojè Redevlopman Pò Mohawk (Mohawk Harbor Redevelopment Project). Rivers te kreye 1,025 pòs travay pèmanan ak yon lòt 50 adisyonèl ke yo prevwa yon fwa ke otèl liksye ak espa ki konekte a ouvri pòt li ane sa. Konstwiksyon kazino a abouti a plis pase 550,000 èdtan ak 1,710 pòs travay konstwiksyon nan Rejyon Kapital.

“Nouvo Rivers Resort & Casino a se yon atou ekonomik vital pou Rejyon Kapital, ki ap jenere nouvo pòs travay ak opòtinite, ki ap kontinye ak renesans Schenectady epi fè rejyon an vanse devan”, **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nan sipòte otèl destinasyon yo atravè rejyon nò New York, nou ap ekspoze sa ki pi bon nan Empire State pandan n’ap atire nouvo vizitè, favorize touris, epi ede sipòte epi ranfòse kominote lokal nou yo.”

Lwa Devlopman Ekonomik ak Jwèt nan Rejyon Nò New York 2013 (Upstate New York Gaming and Economic Development Act) Gouvènè Cuomo an li te mandate ke tout revni eta a ki soti nan Rivers yo pou yo retounen nan nivo lokal yo. Dis pousan nan revni enpo eta a ki soti nan kazino a ap separe ant Vil Schenectady ak Konte Schenectady pou kapab òganize etablisman an, epi Konte Albany, Fulton, Montgomery, Rensselaer, Saratoga, Schoharie ak Washington ap pataje yon lòt 10 pousan. Rè 80

pousan revni yo distribiye atravè tout eta a pou kapab sipòte edikasyon piblik oswa bay soulajman enpo pou Nouyòkè yo.

Enpak Ekonomik ke Rivers Casino & Resort Schenectady Prewa

An plis de kreyasyon plis pase 1,000 pòs travay pandan konstwiksyon yo, Rivers te kreye 1,025 pòs travay pèmanan ak ouvèti kazino an, epi li pral kreye yon adisyonèl 50 lòt lè otèl ak espas li an ouvri pandan sezon ete sa. An plis, gouvènman lokal yo — Vil Schenectady, distrik lekòl, Konte Schenectady ak lòt konte avwazinant yo ki nan rejyon jwèt yo ke eta a te etabli — pral wè yon enpak dirèk, konsiderab, pozitif ki soti nan Rivers Casino & Resort Schenectady atravè pati pa yo nan pèman enpo jwèt kazino yo nan eta a.

Etaj jwèt kazino a gen ladan 1,150 machin santim yo, 67 jwèt tab yo ak 15 tab pokè. An plis, envite yo nan Rivers Casino & Resort Schenectady pral pwofite tou de:

- 13,000 pye kare pou espas reyinyon miltifonksyon, konvansyon & festen yo.
- Bar Van Slyck lan, salon ak jwèt ak ansèyman lanwit
- Dukes Chophouse, yon restoran liksyè nan etaj jwèt la ki gen amizman lanwit ak yon tèras ekstèn prive
- Food Court ak Mian (Azyatik), Flipt (sandwich), Johnny's To-Go (Italyen), Villa Italia (patisri) ak apwovizyonman pa Mallozzi Family
- Splash Spa (ki ap ouvri nan fen 2017)
- Yon otèl liksyè ki gen 165 chanm ki bay fasad sou Mohawk River (ki ap ouvri nan fen 2017)

Rivers Casino & Resort Schenectady te devlope pa The Galesi Group, ki se yon konpayi devlopman imobilye ki gen katye jeneral li nan Schenectady. Fonde an 1969, The Galesi Group te envesti plis pase \$100 milyon nan anba lavil Schenectady pandan dènye senk ane yo. Konpayi an posede epi jere yon pòtfèy imobilye divès nan eksè 11 milyon pye kare nan pwopriyete milti-famlyal, komèsyal ak endistriyèl yo, epi li te posede oswa devlope plis pase 20,000 apatman nan tout nasyon an. Rivers opere pa Rush Street Gaming, ki te devlope epi aktyèlman ap administre twa kazino nan Des Plaines, Illinois ak nan Pittsburgh ak Philadelphia, Pennsylvania. Plizyè administratè nan Rush Street yo te enplike nan devlopman ak operasyon Fallsview Casino Resort ki nan Niagara Falls, Ontario, ki se kazino ki pi pwofitab nan Kanada.

Devlopman Pò Mohawk

Rivers Casino & Resort se santral Pwojè Redevlopman Pò Mohawk 24 ekta a, yon redevlopman rivaj miltifonksyon nan lokalite ki vakan depi dè dekad yo nan American Locomotive Company, ki te yonn nan ansyen espas tèren vakan yo nan peyi Etazini. Redevlopman Pò Mohawk la an antye te jenere plis pase 1.2 milyon èdtan konstwiksyon yo ki ap egalize 2,200 pòs travay konstwiksyon ki enkli Rivers. Investisman prive konbine pou Rivers Casino & Resort, Schenectady ak Pò Mohawk yo totalize \$480 milyon. Apre dènye 1,075 pòs travay pèmanan nan kazino a, lokatè komèsyal Pò Mohawk yo espere jenere plis pase 100 pozisyon adisyonèl.

Anvan ke elektè yo te apwouve referandòm kazino a an 2013, Empire State Development te investi anviwon \$9 milyon pou kapab prepare espas Pò Mohawk la epi retire baryè yo pou kapab atire investisman prive nan zòn lan ak nan alantou zòn lan. Depatman Pwoteksyon Anviwònman Eta New York te bay kredi enpo tèren vakan yo pou kapab asiste nan reyabilitasyon ansyen izin lokomotif lan.

Francesco Galesi, ki se Direktè Egzekitif devlopè The Galesi Group, te deklare, “Rasin The Galesi Group ki nan Schenectady ale depi nan 1969 epi jodi a, gras a pwosesis etablisman kazino ak politik devlopman ekonomik Gouvènè Cuomo a, se yon moman apoje nan eritaj konpayi nou an. Sa se yon testaman reyèl pou dè milye travayè ki te bay tan yo, enèji ak lespri yo nan konstwiksyon pwojè sa, ki se yon pati enpòtan nan renesans vil istorik nou an. Nou espere wè achèyman pwojè Pò Mohawk la pou kapab konplèman kazino a epi atire pi plis kwasans nan kominote nou an ak pi lwen ankò.”

Neil Bluhm, ki se Prezidan Rush Street, te deklare, “Mwen vle felisite Gouvènè Cuomo poutèt li delivre vizyon li nan fè Eta New York ‘Ouvri Pou Biznis’ epi poutèt li ap mennen revitalizasyon nan kominote yo atravè tout rejyon nò New York. Ak vitès ke Eta New York te adopte nouvo pwojè lwa a, sa te antreprann yon pwosesis ki konpetitif anpil, epi li te pèmèt nouvo kazino yo pou kapab devlope depi baz li reyèlman remakab. Nou kontan anpil poutèt Vil Schenectady ansanm ak Rejyon Kapital la pral pi nouvo ajou nan fanmi Rush Street lan.”

Greg Carlin, ki se Direktè Egzekitif Rush Street Gaming, te deklare, “Rivers Casino nan Schenectady ap ouvri prèske yon ane apre yo fin inogire tèren, epi mwen konfyan ke envite nou yo pral chame pa kalite, konsepsyon ak eksperyans jeneral pi nouvel destinasyon amizman nou yo. Mwen fyè de tout ekip Rush Street lan okonplè ki enkli plis pase 1,000 nouvo manm ekip yo ke nou te anboche, ki te fè ouvèti Rivers Casino ki nan Schenectady ki se yon eleman fondamantal enpòtan pa sèlman pou Rush Street Gaming, men tou pou tout rejyon nò New York.”

Gary McCarthy, ki se Majistra Schenectady, te deklare, “Rivers Casino and Resort lan pral yon benediksyon imans pou ekonomi lokal la nan Schenectady ak nan Rejyon Kapital la an antye. Gras a lidèchip Gouvènè Cuomo, Rush Street Gaming, ansanm ak tout pati yo – pwojè enpaktan sa se kounye a yon reyalyte, epi nou pral kontinye wè avantaj ekonomik kazino a pou ane ki ap vini yo. Soti depi nan ranfòse endistri touristik rejyon nò a pou rive nan atire nouvo vizitè nan biznis lokal nou yo, mache ak magazen yo, pwojè sa se yon pwojè gayan-gayan pou tout moun. Mwen felisite Rivers nan gran ouvèti yo an, epi mwen espere wè li vin tounen yon destinasyon majè nan New York ke dè milyon vizitè kapab pwofite de li.”

Angelo Santabarbara, ki se Manm Asanble, te deklare, “Pwojè transfòmatif sa ansanm ak lokalite li an non sèlman vle di anpil travay ki byen peye, men tou nouvel opòtinite devlopman ekonomik. Espas Pò Mohawk la ki nan Schenectady vin kounye a yon katalizè pou pwojè adisyonèl yo nan zòn avwazinant yo, ki enkli nouvel otèl yo,

restoran ak anpil lòt endistri sipò yo. Ak pwojè sa ki kounye a konplete, nou deja ap wè yon enpak pozitif nan ekonomi lokal ak peyizaj touristik nan Rejyon Kapital.”

Phil Steck, ki se Manm Asanble, te deklare, “Rivers Casino & Resort an te revitalize sa ki anvan te yon tèren vakan nan anba lavil Schenectady. The Galesi Group te lanse devlopman yon etablisman etonan ki pral pote nouvo revni enpo nan Schenectady. An reyalite, li te deja pèmèt soulajman enpo pwopriyete pou sitwayen yo nan Vil sa.”

Baze sou estimasyon Rivers yo, otèl la ak kazino an prevwa pote 2.8 milyon vizitè chak ane. Antou, kat kazino komèsyal yo – del Lago, Tioga Downs, Montreign ak Rivers yo -- lè yo fin konplètman operasyonèl yo pral jenere \$325 milyon nan enpo jwèt yo, kote \$65 milyon ki ladan pral dirije bay lokalite yo epi \$260 milyon pral sipòte edikasyon piblik.

Rivers Casino & Resort Schenectady li sitiye nan 301 Nott Street, Schenectady, NY 12305, jis nan sòti Erie Boulevard.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418